

NJ Children's System of Care

Contracted System Administrator — PerformCare®



**Gid pou pwogram sèvis sipò pou
timoun ki gen andikap entelektyèl ak
devlòpmantal la (CSSP I/DD)**

Lis sijè yo

Entwodiksyon	3
Kondisyon pou ranpli pou kalifye pou pwogram CSSP I/DD a.....	4
Fason pou enskri nan pwogram CSSP I/DD a	5
Fason pou rete kalifye.....	5
Fason pou soti nan pwogram CSSP I/DD a ak apèl yo.....	6
Sipò pou pwogram CSSP I/DD a	6

Entwodiksyon

Pwogram ki rele pwogram sèvis sipò pou timoun ki gen andikap entelektyèl ak devlopman tal la (Children's Support Services Program for Intellectual and Developmental Disabilities la, CSSP I/DD) ofri jèn ki kalifye yo yon kouvèti asirans sante ki gratis atravè NJ FamilyCare (NJFC).

NJFC se pwogram Medicaid la nan New Jersey. Men ki benefis NJFC ofri:

- Vizit kay doktè
- Medikaman sou preskripsyon
- Swen vizyon
- Swen dantè
- Sèvis pou sante mantal ak abi sistans
- Ospitalizasyon ki kapab konplete yon kouvèti asirans prive, si sa aplikab

Gid sa a esplike pwogram nan ak chak etap ki nan pwosesis kalifikasyon an. Sa gen ladan l fason pou vin kalifye, fason pou rete kalifye ak sikonstans ki ka fè yon moun pa kalifye ankò e ki ka lakòz li soti nan pwogram nan.

Ekip Care Management Organization ki la pou pitit ou a (CMO) te jwenn yon fòmasyon sou CSSP I/DD a. Kontakte li dabò si w bezwen èd pou sèvi ak pwogram nan. Si w gen lòt kesyon apre sa, kontakte PerformCare (ki se administratè sistèm ki gen yon kontra avèk CSOC [contracted system administrator, CSA]) oswa kontakte CSOC.

Kondisyon pou ranpli pou kalifye pou pwogram CSSP I/DD a

Pou patisipe nan pwogram CSSP I/DD a, pitit ou a dwe ranpli **tout** kondisyon klinik, administratif ak finansye nou tabli yo pou li kalifye.

Pitit ou a dwe apwouve atravè CSOC pou omwen youn nan sèvis ki vin annapre yo:

1. Sèvis entèprèt
2. Transpò ki pa medikal
3. Aparèy teknoloji asistans oswa modifikasyon nan kay/nan machin
4. Sipò endividyèl
5. Sèvis klinik ak terapetik entansif admoisil
6. Sèvis konpòtmantal entansif adomisil²
7. Aprantisaj sosyo-emosyonèl
8. Repi nan men yon moun yon ajans angaje

Pitit ou a kapab itilize yon otorizasyon pou yon sèvis analiz konpòtmantal aplike (Applied Behavior Analysis, ABA) atravè yon òganizasyon swen jere Medicaid (managed care organization, MCO) apre li enskri nan NJFC olye li itilize yon otorizasyon pou sèvis ki endike anwo yo.

Pitit ou a pa dwe enskri nan yon pwogram ki pa konpatib, tankou:

- Pwogram swen pou adilt ki soti nan Division of Developmental Disabilities la (DDD)
- Sèvis ak sipò jere alontèm (Managed Long Term Support Services, MLTSS)
- Cover All Kids
- Sipò pou prim yo
- ak/oswa anprizònman

EPI

Pitit ou a dwe:

1. Te jwenn yon desizyon ki montre li kalifye pou l jwenn sèvis pou moun ki gen andikap konpòtmantal
2. Enskri nan yon CMO (oswa enskri nan yon MCO pou jèn ki resevwa ABA atravè plan MCO Medicaid yo a)
3. Genyen plis pase 21 lane
4. Yon rezidan New Jersey
5. Ap viv nan kominote a (olye li abite nan yon sant tretman ki pa lakay li)

EPI

Pitit ou a dwe ranpli kondisyon finansye nou tabli yo pou l kalifye. Men kèk nan kondisyon sa yo an 2025:

- Revni mansyèl kontab ki pa plis pase \$2,901. Revni kontab la ka gen ladan l (san limit) alokasyon Sekirite Sosyal la bay aplikan an, revni nan travay ak rant ki peye chak ane.
- Resous ki fè l kalifye ki pa depase \$2,000. Resous ki fè l kalifye yo se kapab (san limit) kont an bank ak obligasyon epay, kontra asirans vi nan non aplikan an, ak pwopriyete imobilye.

Kondisyon finansye pou kalifye pou pwogram CSSP I/DD a gen rapò ak revni ak byen aplikan an sèlman. Si yon jèn enskri nan pwogram CSSP I/DD a, lèfini yo wè li pa kalifye pi devan, jèn sa a gendwa kalifye pou lòt pwogram NJFC (gade seksyon “Fason pou soti nan pwogram CSSP I/DD a ak apèl yo” anba a). Nan ka sa a, NJFC pral mande enfòmasyon sou revni ak byen tout fwaye a.

Fason pou enskri nan pwogram CSSP I/DD a

PerformCare pral detèmine ki jèn ki ranpli kondisyon klinik ak administratif pou kalifye pou pwogram nan selon enfòmasyon ki nan dosye jèn yo. Sa gen ladan l:

- sèvis ki apwouve sou plan tretman ki otorize pou pitit ou a, ak/oswa
- enfòmasyon ou bay sou aplikasyon ou voye pou Family Support Services (FSS) pou pitit ou a, si sa aplikab.

Se CMO a ki bay enfòmasyon sa yo.

Si CMO a wè pitit ou a pa kalifye nan pwosesis sa a, l ap fè w konn sa epi ou pral resevwa yon avi sou kalifikasyon ak yon aplikasyon pou NJFC. Epitou, PerformCare pral voye avi kalifikasyon an ba w tou nan adrès li genyen pou ou nan dosye l yo.

CMO w la pral pale sou pwogram nan avè w pandan yon reyinyon ki fèt ak ekip timoun/fanmi an (Child-Family Team, CFT) oswa pandan yon lòt reyinyon ki òganize avè w.

Si w panse pitit ou a ranpli kondisyon yo pou l kalifye pou pwogram CSSP I/DD a, men ou pa jwenn okenn notifikasyon sou sa, tanpri kontakte jesyonè swen CMO w la pou mande li pou yo egzamine kalifikasyon l yo.

Si ekip CMO pitit ou a pa egzamine kalifikasyon l yo, rele sant kontak PerformCare a nan **1-877-652-7624**. Si w toujou gen pwoblèm nan sans sa a, voye yon imèl bay direktè CSOC a nan **csoc.director@dcf.nj.gov**.

CMO w la pral ede w ranpli epi voye aplikasyon NJFC a epi li pral ede w jwenn enfòmasyon ki montre ou kalifye. Apre li fini, CMO a pral voye aplikasyon an bay DMAHS, ki pral egzamine li pou detèmine si w ranpli kondisyon finansye yo pou kalifye. Si egzamen sa a montre pitit ou a pa kalifye, jan sa esplike anwo a, ou pral resevwa yon avi ki esplike ou pa kalifye.

Nan kad egzamen li fè pou detèmine si w ranpli kondisyon finansye pou kalifye, DMAHS gendwa voye yon demann enfòmasyon (Request for Information, RFI) ba w. Li ka mande w plis dokiman tou. RFI a gendwa mande w voye relve bank ak lòt enfòmasyon finansye pou 5 ane ki sot pase yo. Tanpri voye tout enfòmasyon li mande yo nan lespas 14 jou apre dat ki sou RFI a.

Si yo apwouve pitit ou a pou pwogram CSSP I/DD a, li pral resevwa yon avi sou aksyon enskripsyon nan men NJFC k ap konfime li enskri. Yon fwa pitit ou a enskri nan pwogram CSSP I/DD a, l ap kapab chwazi yon MCO Medicaid ki pral kowòdone epi otorize sèvis ki kouvri yo atravè NJFC.

Fason pou rete kalifye

Si pitit ou a enskri nan NJFC atravè pwogram CSSP I/DD a, li dwe kontinye ranpli tout kondisyon ki endike anwo yo pou l toujou kalifye pou l rete enskri (gade seksyon “Kondisyon pou ranpli pou kalifye pou pwogram CSSP I/DD a”). Jesyonè swen CMO w la pral travay avè w regilyèman epi li pral pale avè w sou nenpòt chanjman ki fèt nan sèvis ki otorize yo, san wete chanjman ki ka afekte kalifikasyon w pou pwogram CSSP I/DD a.

DMAHS pral fè yon egzamen chak ane pou detèmine si pitit ou a toujou ranpli kondisyon finansye pou l kalifye pou NJFC. Ou pral resevwa yon demann pou voye dokiman ki ajou. Reponn demann sa yo rapid epi voye tout enfòmasyon yo mande yo pou NJFC pa kanpe.

Fason pou soti nan pwogram CSSP I/DD a ak apèl yo

Si pitit ou a pa ranpli tout kondisyon pou kalifye yo ankò oswa si w deside pa patisipe nan pwogram nan, pitit ou a ap soti nan pwogram CSSP I/DD a.

Lè yon moun soti nan pwogram nan, CSOC ak NJFC pran mezi sa yo:

- Prepare yon dokiman ki esplikè rezon ki fè ou soti nan pwogram nan
- Voye yon avi ki apwopriye ba w
- Ba w posiblite pou fè apèl si w pa dakò ak desizyon an (yo)
- Detèmine si pitit ou a gendwa kalifye pou NJFC pou lòt rezon

Si yo detèmine pitit ou a dwe soti nan pwogram CSSP I/DD a paske li pa ranpli kondisyon klinik yo oswa kondisyon administratif yo ankò, ekip CMO 1 la pral fè w konn sa pandan yon reyinyon CFT oswa pandan yon lòt reyinyon ki planifye. Epitou, ou pral resevwa yon avi ki esplikè ou pa kalifye pa lapòs.

Si w pa dakò ak desizyon sa a, ou gendwa mande pou PerformCare rekonsidere desizyon an oswa ou gendwa mande yon odyans san patipri. Avi ki esplikè ou pa kalifye ou pral resevwa nan men PerformCare a ap esplikè ki pwosesis ou dwe suiv pou mande yo rekonsidere desizyon an. Epitou, avi ki esplikè ou pa kalifye a pral esplikè w dwa ou genyen pou mande yon odyans san patipri. Ou kapab mande yon odyans san patipri, kit ou mande pou PerformCare rekonsidere desizyon an, kit ou pa mande l sa.

Si yo deside pitit ou a dwe soti nan pwogram nan paske li pa ranpli kondisyon finansye yo ankò, ou pral resevwa yon avi sou aksyon revokasyon nan men NJFC pa lapòs. Avi sou aksyon sa a pral fè w konnen ou gen dwa pou mande yon odyans san patipri pou konteste desizyon yo pran kòmkiwa li pa ranpli kondisyon finansye yo.

Si w resevwa yon avi ki esplikè w dwa ou genyen pou mande yon odyans san patipri nan men DMAHS oswa PerformCare epi ou vle fè apèl pou desizyon yo pran kòmkiwa pitit ou a pa kalifye pou pwogram CSSP I/DD a, ou gen posiblite mande yon odyans san patipri. Ou pral resevwa avi sa a si pitit ou a vin pa kalifye ankò pou pwogram CSSP I/DD a pou nenpòt rezon. Si yon fanmi vle mande yon odyans san patipri, li dwe mande DMAHS sa alekri nan lespas 60 jou apre dat avi a. Si w mande yon odyans san patipri, pitit ou a ap rete kalifye pou NJFC pandan pwosesis sa a.

Anvan pitit ou a soti nan NJFC, w ap resevwa yon RFI nan men NJFC pa lapòs. RFI sa a pral ede DMAHS detèmine si pitit ou a kalifye pou nenpòt lòt pwogram NJFC. Li enpòtan pou ou reponn demann sa yo rapid epi pou voye tout enfòmasyon yo mande yo. Si w pa reponn yon demann oswa si NJFC detèmine pitit ou a pa kalifye pou Medicaid pou yon lòt rezon, kouvèti asirans NJFC pitit ou a ap kanpe epi ou pral resevwa yon avi sou aksyon revokasyon pa lapòs.

Si pitit ou a soti nan pwogram nan epi li vin ranpli kondisyon klinik yo oswa kondisyon administratif yo pi devan, ou kapab aplike yon lòt fwa ankò. Pwosesis sa a se pral menm pwosesis ou te suiv lè ou te enskri pou premye fwa a.

Sipò pou pwogram CSSP I/DD a

Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan kondisyon pou kalifye pou pwogram CSSP I/DD a, tanpri pale avèk ekip CMO w la, ale sou sit Entènèt PerformCare a sou www.performcarenj.org, rele nan 1-877-652-7624 (24 sou 24, 7 jou sou 7, 365 jou nan ane a) oswa kontakte CSOC nan adrès imèl csoc.director@dcf.nj.gov.

Se Children's System of Care (CSOC), ki fè pati Depatman Timoun ak Fanmi New Jersey a (Department of Children and Families, DCF), ansanm ak Divizyon Asistans Medikal ak Sèvis Sante a (Division of Medical Assistance and Health Services, DMAHS), ki fè pati Depatman Sèvis Sosyal New Jersey a (Department of Human Services, DHS), ki jere pwogram CSSP I/DD a.

¹ Divizyon Asistans Medikal ak Sèvis Sante a (Division of Medical Assistance and Health Services, DMAHS) se divizyon DHS ki jere NJ FamilyCare.

² Sa ki rele "sèvis entansif adomisi" (Intensive In-Home, IIH) se pa menm sèvis ak sa ki rele "sèvis entansif nan kominote a" (Intensive In-Community, IIC). Sèvis IIC yo pa fè yon moun kalifye pou pwogram CSSP I/DD a.

www.performcarenj.org

BHMC-PCNJ_254851500-1